Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 1-2 (9961) 12 январь 2024 с. / Рузман 1 ражаб 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## Уважаемые сотрудники и ветераны прокуратуры!




**Примите поздравления с профессиональным праздником – Днем работника прокуратуры Российской Федерации!**

Прокуратура–один из важнейших государственных институтов, который на протяжении 300 лет обеспечивает правовую защищенность граждан России.

Вы осуществляете надзор за соблюдением законодательства во всех сферах жизни, координируете работу правоохранительных органов, обеспечиваете укрепление правопорядка, повышаете уровень правовой культуры жителей.

От вашей работы зависит благополучие общества и эффективность государственной политики, вера людей в закон и справедливость.

Поздравляем вас с праздником, желаем вам крепкого здоровья, благополучия и профессиональных успехов!

## Уважаемые ветераны и работники редакции районной газеты «Чапар»!




**Поздравляем вас с профессиональным праздником – Днём российской печати!**

Профессия журналиста по-прежнему вызывает особое доверие у населения. Её значимость состоит не только в информировании жителей о важных событиях, но и в формировании общественного мнения, выстраивании конструктивного диалога с органами власти, создании атмосферы открытости в обществе. Поэтому так важна в работе ваша объективность, компетентность, оперативность и точность.

Основным источником информации для жителей нашего района является районная газета «Чапар», на страницах которой коллектив редакции освещает важные и значимые события района и республики.

В день профессионального праздника примите слова благодарности за ваш ответственный, добросовестный труд, мастерство, объективное освещение событий, уважение к читательской аудитории.

Желаем реализации новых замыслов, творческих успехов, интересных публикаций, хороших новостей. Здоровья, счастья и благополучия вам!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель районного Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

---

## Аппараталъул данделъиялда…

9 январалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул гьаб соналда тIоцебесеблъун кколеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, управлениябазулгун отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва росабазул бутIрул.

Районалъул администрациялъул бетIерасул тIецевесев заместитель Ильяс Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана ЦIияб соналъул тадбирал тIоритIиялъул хIасилазда, гьенир хIинкъигьечIолъи чIезабиялда ва 2024 соналда районалъул администрациялъ гьаризесел хIалтIабазул план гIуцIиялда хурхарал суалал.

Данделъиялъул байбихьиялда И. Шабазовас гьелъул гIахьалчагIазул лъайхъвай гьабуна цIи вищарав Гертма росдал бетIер Юсуп Байирхановгунги КЦСО-Налъе нухмалъулевлъун тIамурав ГIабдурашид МухIамаевгунги.

ТIоцебесеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ ХIажимурад Мусаевасул заместитель Басир Нуцаловас.

Гьес абуна: «*ЦIияб соналъ тIоритIарал тадбирал, аслияб къагIидаялда, рукIана лъималазул эркенаб заман нухда тIамиялда, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезул, ресалда гьечIел хъизабазул лъималазул рахъкквеялда ва жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялда хурхарал. ЦIикIкIараб кIвар, Роспотребнадзоралъул тIалабазда рекъон, террактаздаса, цIаккеялдаса цIуниялде, санитариял нормаби тIуразариялде ва гIадамал данделъаралъур пиротехническиял алатал хIалтIизаризе риччангутIиялде буссинабун букIана.*

*ЦIияб соналъул каникулазда районалда тIоритIана 22 батIи-батIиял тадбирал.*




*Гьезда гьоркьор рехсезе бегьула ЦТКНРалъул фойеялда чIахIиял классазул цIалдохъабазе, РУОялъул хIаракаталдалъун , тIобитIараб маскарад, Дилималдагун Ленинаулалда Авар театралъул артистазул церерахъин, ЦРБялда регарал сакъатазде ЦIияб сонил сайгъаталгун щвей. Узухъда, ЦIияб сонил каникулал нухда тIамиялъе квербакъулел тадбирал тIоритIана росабазул гIуцIабаздаги.*

*Гьел тадбиразда гIахьаллъана гIезегIанаб къадар гIисинazулги чIахIиязулги, узухъда, гьенир ЦIияб соналъул сайгъаталги кьуна. Гьелде тIадеги, районалда тIоритIана спорталда хурхарал гIезегIанал къецал ва гьезулъ 700-ялдаса цIикIкIараб къадар гIадамазул, гIахьаллъана.*

*Администрациялъул бихьизабиялда рекъон, Ленинаул росдал №3 гьоркьохъеб школалда 350 чиясдаса къадар цIикIкIараб* ***«Рогьел -мехтелалдаса бацIцIадаб Россия»*** *акцияги тIобитIана.*

*Байрамалъул къояз жамгIияб гIадлу-низам бихxиялъул хIужаби рукIинчIо. Гьеб заманалда кIиго цIаккей букIана, амма гьениб гIадамазул гIумруялъе хIинкъи ккечIо.*

*ГIадлу-низам чIезабиялъе, гIумруялъе хIинкъи кколел кинал рукIаниги ишал рукIунгутIиялъе ОМВДялъул хIалтIухъабаз жидеда тIадаб хIалтIи гьабуна.*

*Къокъгьабун абуни, каникулазул заманалда жамгIияб гIадлу-низам хвезабиялъул хIужабиги гIумруялъе хIинкъи кьурал ишалги районалда рукIинчIо*», -ян.

Гьесул кIалъаялдаса хадуб И. Шабазовас абуна:

*-Нужеда лъала Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъаразул, гьелъулъ гIахьаллъулезул, ресалда гьечIел хъизабазе районалъул гIуцIабаз, гIадатиял гIадамаз кумек гьабиялъул хIакъикъат. Гьеб рахъалъ республикаялъул бетIерас лъикIаб къимат кьуразда гьоркьоб нилъер районги буго ва гьелъ рекIелъе чIухIи рещтIинабула*,-ян.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе яхъана районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова.

Марьям-Асиятица, жиб-жиб пункт ккун, гьениб баян кьуна районалъул админис- трациялъ, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул гьоркьореги рачун, гьабизесеб хIалтIул, комиссиябазулгун хIалтIул группабазул данделъаби гIуцIиялъулгун практикаялъулал тадбирал тIоритIиялъул ва план гIуцIиялъе администрациялъул ведомствоялде кколел гIуцIабазда цере чIарал масъалабазул.

Гьелъул кIалъаялда тIасан И. Шабазовас абуна:

*-Республикаялъул бетIерасул тIадкъаялгун рихьизарияl тIолалго тIуран руго,амма районалъул бетIерасул гьел тIураялъулъ тасамахIлъи биччалеб буго. Гьелъ, дуда тIадкъалеб буго киналниги отделаз, управлениябаз ва администрациялъул ведомствоялде кколел гIуцIабаз районалъул бетIерасул тIадкъаял тIураялъул справка хIадуризе ва гьелда хурхарал предложениял кьезе*,-ян.

Данделъиялъул ахиралда И. Шабазовас абуна: «*Хадусеб талат къоялъ цIияб ЖамгIияб палата гIуцIиялъул данделъи тIобитIизе буго. Гьарула росабазул бутIрузда, жиде-жидер жамгIияб палатаялъул членалгун цадахъ, гьеб данделъиялда гIахьаллъизе рачIа*»,-ян.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Баркала загьир гьабуна
гъум. 7 ЛъагIалил хIасилал гьаруна
гъум. 8 Спорт

# Баркала загьир гьабуна

Нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас, жиндирго телеграмм- каналалда баркала кьолеб буго, жиндиего бокьун, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъарав Каспийск шагьаралъул №2 школалъул директор, «БахIарчилъиялъул» орденалъул кавалер ГIалибег Хъазанбиевасе.

«Россия - 24» каналалда ГIалибегида бихьун буго СВОялда гIахьаллъулев нилъер рагъухъанас районцоязде салам битIулеб.

*«Подобкъоги букIун, дун телевизоралъухъ валагьун вукIана. Дун кутакалда вохана ТIолгороссиялъул каналалдасан СВОялъул гIахьалчияс абурал гьал рагIабаздаса: «Дир урхъараб салам буго тIолалго дагъистаниязде, хасгьабун дир гIагараб Казбек районалъул гIадамазде!» - ян абуна гьес. Гьесул гьумер бахчун букIана маскаялъ, амма дие абизе бокьун буго мун нижер бахIарчи вугилан. Баркала буго Казбек районалъе гьединал васал гIезаруралъухъ. Республикаялъул ЖамгIияб палатаялъул членазул рахъалдасан, дица бетIер къулула гьесие. Казбек район ккола Дагъистаналъул гуребги, тIолабго Россиялъул хазиналъун. ТIабигIаталдалъун гуребги, гьеб бечедаб буго лъикIаб цIаралъе мустахIикъал гIадамаздалъунги»,* - ян хъвалеб буго ГIалибегица жиндирго телеграмм-каналалда.

*Миллиял проектал*

# Араб соналъул хIасилал гьарулаго...

## Лъайкьеялъул гIуцIабазда...

«Республикаялда лъайкьей цебетIезаби», программаялда рекъон капиталиял ремонтал гьаруна Гъозтала, Калининаул росабазул байбихьул школазе, Дубки поселокалъул гьоркьохъеб школалъе, Дилим росдал №1 «Маргьа» лъималазул ахалъе.

Гьединго, 420 цIалдохъанасе бакI бугеб школа хIалтIизе биччана Ленинаул росулъ, Гертма росулъ бан лъугIана 200 цIалдохъан цIалулеб школа, ва гьеб хIалтIизе биччазе буго цIияб цIалул соналъул байбихьиялда.

## Нухал цIигьариялда...

«Дагъистан республикаялда бакIалъул нухал цIигьари» программаялда рекъон, 2023 соналъ районалъул нухазул 24 км. тIуна хъил, 4 нухалда гьабуна капиталияб ремонт Дилим-ИмангIали росу (3-10 км.), Дилим-ИмангIали росу (10-13,5 км.), Дилим-ИчкIа- Миякьо росу (0-7 км.), Дилим-ИмангIали росу (2-0 км.)

Республикаялъул хIукуматалъул «Дир Дагъистан-дир нухал» программаялда рекъон, Дилим, Калининаул, Буртунай росабазул 3 къватIалда хъил тIуна.

«БакIазул нухал къачIай», «БакIазул жигарчилъи» программабазда рекъон, администрациялъул нухазул фондалъул гIарцудалъун 5 км. цIикIкIараб манзилалда нухал къачIана

## Сахлъи цIуниялъул объектазда...

«Жакъасеб къоялъул тIалабазда рекъон, сахлъи цIуниялъул объектал рукIалиде рачин» республикаялъул программаялда рекъон, районалъул больницаялъул унтарал тIаде росулеб отделениялъе, ЦРБялъул минаялъул фасадалъе капиталияб ремонтал гьаруна, поликлиникаялъе фойеги бана. Гьединго Дубки поселокалъул участковияб больницаялъеги Ленинаул ва Алмахъ росабазул ФАПазеги капиталияб ремонтал гьаруна.

## «РакIалдещвеялъул ах» рагьана

2023 соналъ районалда рагьарал цIиял объектазда гьоркьоб ракIалдещвеялъул ахги буго. Республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул тIадкъаялда рекъон, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъаби ракIалдещвеялъул ахал Дагъистаналъул тIолалго шагьараздагун районазда рагьана.

Районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул нухмалъиялда, «РакIалдещвеялъул ах» нилъер районалдаги рагьана.

ТIабигIаталъул хазиналъун ккола «Горенжо» хIорихъ 10 ялдаса цIикIкIараб соткаялда пихъил гъутIби чIана. Гьеб рагьиялъул тадбир араб соналъул 3 абилеб ноябралда тIобитIана.

Гьенив Дагъистаналъул хIукуматалъул бетIер, нилъер ракьцояв, ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовги гIахьаллъана.

Лъайкьеялъул министерствоялъ лъазабураб школазул «РакIалдещвеялъул ах» акциялда рекъон, Ленинаул росдал №3 гьоркьохъеб школалдаги рехсараб ахалъе къучI лъуна.

# СВОялъул гIахьалчагIазул бахIарчиял ишал

2023 соналъ районалъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялда, Россиялъул Президент В.В. Путинил рахъги ккун, СВОялда гIахьаллъулел районалдаса рагъухъабазе, гьезул хъизабазе кумек гьабиялда тIад цадахъаб ва гIемераб хIалтIи гьабуна.

Украиналда рагъулъ гIахьаллъулел нилъер районалдаса рагъухъабаз бихьизабуна жидерго бахIарчилъигун къохIехьей. Гьезул гIемерал пачалихъалъул орденалгун медалазе мустахIикълъана, цо-цоял гIумруялдасаги ратIалъана. Гьединазул 16 хъизаналъухъе гьезул рагъухъаби мустахIикълъарал «БахIарчилъиялъул» орденал кьуна.

Гьел ккола Абужанатов Имам-Паша, ГIалиев Муслим, КъутIараев МухIамадрашид, Маликов ХIосен, СагIидов МахIач (Дилим), Давурбегов АхIмад, Идрисов Расул, Жамалов Юнус, Шамирзаев Жамалодин (Ленинаул), СагIадулаев МухIамад (п.Дубки), Адильбиев ХIажимурад, Навурбиев Шангере (Алмахъ), Шашуев Вагьид (Гуни), Къурбанов ТIагьир (Хубар), ГIалиев Загьир (Калининаул) ва Пирбудагъов МухIамад (Гертма).

# СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал ракIалде щвезариялда...

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIумруялдаса ратIалъарал районалдаса рагъухъаби ракIалдещвезари даимаблъун букIин мурадалда, гьезул цIарал кьуна къватIазе, гьезие школазда «БахIарзазул кабинеталгун партаби» рагьана. БахIарзазул цIарал районалъул, республикаялъул ва улкаялъул тарихазда абадиялъ хъвана.

Гьелдаго цадахъ, араб соналъ Дилим, Гуни, Гертма, ИчкIа росабалъ, Дубки поселокалда КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразе рарал мемориалиял памятникал къачIана ва цIигьаруна.

Гьел киналниги ишал гIумруялде рахъинариялъе районалъул ва росабазул администрацияз кIудияб хIаракат бахъана.

# ЦIорол дадал сайгъатал

Нилъеда лъала ЦIияб соналде, лъималаз гуребги, чIахIиязги ЦIорол дадахъе кагътал хъвалеблъи, гьез гьенир жидер анищал рехсолеблъиги. Гьединаб кагъат ЦIорол дадахъе хъвана Гуни росулъ гIумру гьабун йигей тIоцебесеб группаялъул инвалид, гьитIинай ПайшатицIаги. Гьелъ кагътида жиндие цIияб соналде музыкалияб синтезатор сайгъат гьабеян гьарулеб букIана.

Пайшатида ракIалдецин кколеб букIинчIо жиндир анищлъун бугеб гьари тIубалин, амма нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев, гьалбалгун цадахъ, жиндихъего щведал Пайшатги йиххун ккана.



ЦIорол дадал рахъалдасан, ясалъ гьарараб сайгъат босун вачIана Россиялъул президентасул Северияб Кавказалъул Федералияб округалда вугев вакиласул кумекчи. Гьес, Юрий Чайкал рахъалдасан саламги загьир гьабун, Пайшатие музыкалияб синтезатор бачIана.

ТIаде щолеб ЦIияб сон Пайшатида ХIажимурад Мусаевасги районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан Гьирисхановасги баркана.

Пайшатица гьоболасда гьарана, жиндир рахъалдасан, ЦIорол Дадае сайгъаталъухъ баркала кьеян ва гьесда «ЦIияб соналъул анищал» темаялда рахъарал жиндирго суратал рихьизаруна, ва гьединго гьелъ гьалбазе кечIги рикIкIана.

# «Рогьел-мехтелалдаса бацIцIадаб Россия» акциялда гIахьаллъана

Кидаго гIадин, нилъер районалдаги цIияб лъагIалил байбихьи «Рогьел-мехтелалдаса бацIцIадаб Россия» акциялдалъун нухда тIобитIана.

Гьеб акция тIобитIиялъе квербакъана Пачалихъияб Думаялъул депутат Султан ХIамзаевас ва районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас.

Гьеб акция Ленинаул росдал №3 школалъул спорталъул площадкаялда тIобитIана.



Данделъиги рагьун, кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазов, ва гьес киназдаго баркана тIаде щвараб ЦIияб сон.

*«Жакъа нилъер гIолилал хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулел рукIаго, дида ккола кутакаб рохел, гьаб байрамалда хурхун, батизе гьечIилан. Биччан те щивав гIолилав сах-саламатго гьениса тIадвуссине. Жакъа нилъеца цIияб сон байбихьулеб буго гьадинаб акциялдалъун, ва биччан те нилъ щивасул гьаб соналда жанибги хадубккунги букIине сахлъи, сахаватаб гIумру ва нилъеда тIад роцIараб зоб»,-* ан абуна Шабазовас.

Гьенир гIахьаллъарал рухIияб идараялъул, гIолилазул жамгIиял гIуцIабазул церехъабазги тIобитIараб данделъиялъе кIудияб къимат кьуна.

*«Салатавия» сеталдаса босараб*

# ЦIияб соналъул байрам кIодо гьабуна

***Лъиениги балъголъилъун кколаро ЦIияб сон кIодо гьабиялъул байрам нилъер гIадамазе рокьулел байрамазул цояблъун кколеблъиги хасго гьеб тIаде щвеялъухъ лъимал балагьун рукIунеллъиги.***

***ЧIахIиязул хьул букIуна тIаде бачIунеб соналъ жидер мурадал тIураялде, лъикIаб гурони, лъугьунгутIиялде, гIисиназул абуни, берцинго къачIараб ёлка рукъоб лъеялде, ЦIорол дадагунги ГIазул ясгунги дандчIваялде ва сайигъатал щвеялде.***

***ЦIияб сонил байрам кIодо гьабиялде нилъер гIадамазул батIи-батIияб бербалагьиги пикрабиги рукIин лъаларев чи нилъеда гьоркьов ватиларо. Кин бугеб батаниги, ЦIияб сонил байрам кIодо гьаби цебегоялдаса нилъеда гьоркьоб билълъанхъун буго.***

***Узухъда, Россиялъул цогидал бакIаздаго гIадин, нилъер районалдаги ЦIияб сонил байрам кIодо гьабуна.***

***ЦIалдолезда бичIчIунеб батила гьеб байрам кIодо гьабиялъул тIолабго хIакъикъат рехсезе рес букIунареблъи, амма гIемерал гьоркьореги рачун, тIоритIарал тадбирал рехсечIогоги рекъон букIинаро.***

***Гъоркьехун нижеца рехсолел руго гIатIидго ЦIияб сонил байрам кIодо гьабурал цо-цо гIуцIаби.***

## ЦТКНРалда…

Районалъул гIадамазда лъалеб батила, тIаде щолеб ЦIияб соналъул хIурматалда, нилъер районалде Авар театралъул артистал рачIун рукIараблъи.

Гьезул церерахъин хурхараб букIана Расул ХIамзатовасул гIумрудулъа цо-цо бутIабазда. Балагьаразул гьаркьаз, халатбахъараб хъатчIваялъ бицунеб букIана гьезул ракIазе артистазул церерахъиназ гьабураб асаралъул.



Тадбиралъул ахиралда театралъул вакилзабаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасе районалда культураялда хурхарал тадбирал тIоритIиялъе квербакъулеб букIиналъухъ.

ЦIияб соналда дандчIвай гьабиялъул гIезегIан гIатIидго гIуцIараб тадбир тIобитIана ЦТКНРалъул кIудияб залалда. Авар театралъул артистазулги ЦТКНРалъул хIалтIухъабазулги хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб, хасгьабун, гIуцIун букIана СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразулги гьенир гIахьаллъулезулги лъималазе. «Хасел бикъи» цIаралда гъоркь тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И. И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисханов, гIолилазул парламенталъул председатель М.-А. М. ХIамзатова, культураялъул отделалъул начальник А. К. Ибрагьимов, лъайкьеялъул, социалиял учреждениябазул ва росабазул жамагIатазул вакилзаби.



И. Шабазовас, районалъул бетIерасул ва жиндирго рахъалдасан, тадбиралъул гIахьалчагIазда тIаде щолеб ЦIияб сон баркана, гьарана киназего щулияб сахлъи, талихI, рохел, ракълилаб зоб ва гьарулел ишазулъ битIккей.

Баркиялъул рагIабаздаса хадуб, Гъ. Гъирисхановас гьениб абуна: *«Депутатазул корпусалъ, районалъул администрациягун цадахъ, хадусанги кумек гьабизе буго СВОялда гIахьаллъулел рагъухъабазул хъизабазе»*,- ян.

Тадбир гIуцIараз гIезегIанаб хIалтIи гьабун бугоан гьеб унго-унгояб байрамлъун лъималазе букIиналъе. Данделъи ахиралде щвана, районалъул бетIерасул рахъалдасан,лъималазе гьуинал нигIматазул къучIби кьеялдалъун.

## Реабилитационнияб централда…

Культураялъул хIалтIухъабаз гьединабго тадбир Дилималъулги Калининаулалъулги гьитIичазеги реабилитационнияб Централъул сакъатал лъималазеги тIобитIана. Нилъеда лъала гIисинал лъималазул, хасго сакъатазул, гьарулел тадбиразде цогидаздаса батIияб бербалагьи букIунеблъи.

Гьединазе тадбир гIуцIиялъулъ хаслъи букIине кколеблъи хIисабалде босун бугоан культураялъул хIалтIухъабаз. «Ёлкаялъ гьоболлъухъе ахIулел руго» цIаралда гъоркь тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Б. С. Нуцалов, культураялъул отделалъул начальник А. К. Ибрагьимов, мугIалимзаби ва умумул.

ТIаде щолеб ЦIияб сонги баркун, Б. Нуцаловас абуна: *«Лъималазул тIалаб-агъаз гьаби, гьезие паракъатаб лъимерлъи букIинаби ккола чIахIиязда цебе чIараб масъалалъун. Гьеб лъиданиги ва киданиги кIоченеги бегьуларо»*,- ян.



ЦIорол дадал, ГIазул ясалъул, культураялъул хIалтIухъабазул церерахъиназ тадбиралда гIахьаллъарал лъималазул ракIазулъ кIочонареб лъалкI танин абизе бегьула.

## Лъималазул творчествоялъул Рукъоб…

Цогидал бакIаздаго гIадин, «Рохел лъималазул бераздалъун» цIаралда гъоркь, лъималазул творчествоялъул Рукъобги ЦIияб соналда дандчIваялъулаб байрам тIобитIана.



ГIисинал цIалдохъабазе тIобитIараб гьеб тадбиралда букIараб ва берцинго къачIараб ёлкаялъ, декорациябаз, батIи-батIияб ратIлица, тIоритIарал конкурсазгун хороводаз, ЦIорол дадалгун, ГIазул ясалъулгун рукIарал дандчIваяз лъималазе гьарурал рохалилал асарал гьезул беразулъгун гьурмазда бугеб кунчIиялъулъ бихьулеб букIана. Узухъда, гьенирги лъималазе сайгъатал кьуна.

## ИчкIаялда…

Авар театралъул артистал гIахьаллъараб ЦIияб соналда дандчIвай ИчкIа росдал сакъатал лъималазеги тIобитIана. ИчкIаялъул администрациялъул, культураялъул хIалтIухъабазул, гьоркьохъеб школалъул коллективалъул хIаракаталдалъун,



тIобитIараб гьеб тадбирги цогидал бакIазда тIоритIарал гьединалго тадбираздаса нахъе ккараблъун букIинчIо. Театралъул артистаз гьенибги лъималазда «Хасел бикъи» спектакль бихьизабуна. Культураялъул Рукъалъул директор СайихIат Мирзабековалъ лъималазда тIаде щолеб ЦIияб сон баркана ва гьезие талихIаб гIумру гьарана.

Тадбир ахиралде щвана, росдал бетIер Улуби Улубиевасул рахъалдасан, лъималазе сайигъатал кьеялдалъун.

***(Хадусеб 4-аб. гьумералда)***

(Байбихьи 3-аб. гьумералда)

# Искусствоялъул школалда...



ЦIияб соналде гьарурал дандчIваязе ахир лъураблъун букIанин абизе бегьула районалъул лъималазул творчествоялъул школалда тIобитIараб данделъи. Гьеб школалъул цIаралъго бицуна гьенир тIоритIулел ишазулъ жиндирго хаслъи букIунеблъи. Гьеб бихьизе бегьулаан классал, ёлка къачIаялъулъ, ратIлил формаялъулъ, хIадурараб выставкаялъулъ ва байрамалъул концерталъул программаялъулъ.

РДШИялъул цIалдохъабазе, гьелъул мугIалимзабазе, лъималазул бажаригун махщел бокьулезе гьеб тадбир унго-унгояб байрамлъун букIанин абуни, мекъи ккеларо.

# Унтаразухъе щвана

Районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, ЦIияб соналда дандчIваял ЦРБялда регун рукIаралгун рукъор ругел сакъатал лъималазеги тIоритIана. «ЦIияб сонил сайгъатал-лъималазе» цIаралда гъоркь тIоритIарал гьел тадбираздаги лъималазе, гьай-гьай, сайгъатал кьуна.



Узухъда, тIадехун рехсаралго гIадинал тадбирал араб соналъул ахиралдаги ЦIияб соналъул байбихьудаги районалъул цогидал гIуцIабаздаги коллективаздаги тIоритIана.

*МахIмуд ДавудхIажиев*

# Театралиял церерахъиназул фестиваль

Ахириял соназ гIадатлъун лъугьун буго чIахIияз тIоритIулел ишазулъ гIолилал, хасго цIалдохъаби, гIахьал гьариял. Гьелде тIадеги, гьезул гIуцIулел руго батIи-батIиял жамгIиял гIуцIабиги. Гьеб битIараб букIин бичIчIунарел нилъеда гьоркьор ратизеги гьечIо, щай абуни, гIолеб гIел букIинеселде ругьун гьаби нилъеда тIадаб масъалалъун кколеб букIун.

Араб соналъул ахиралда Ленинаул росдал №3 гьоркьохъеб школалда цIалдохъабаз театралиял церерахъиназул фестиваль тIобитIана.

Лъайкьеялъул управлениялъул хIаракаталдалъун, тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана 12 школалдаса цIалдохъаби. Фестиваль цIалдохъабазе унго-унгояб байрамлъун лъугьун букIанин абуни, мекъи ккеларо.



Гьеб бихьулеб букIана сценаялде рахъаразулги балагьаразулги хьвадачIвадиялъулъ, гIолохъанал артистаз хIадурараб ратIлилъ, сцена декорацияз къачIаялъулъ, гьезул гьираялъулъ бихьулаан церерахъиназда тIад гьез гIемераб хIалтIи гьабун букIин.

ЦIалдохъабазул коллективаз гьенир рихьизаруна «Саба Меседо», «Дир Дагъистан», «ВатIаналъул хIакъалъулъ», «МагIарулазул ВатIан», «Мурад гьавураб къо», «ТIоцебе лъимер киниялда лъей», «МугIрузул ГIали», «Расулил хъизаналда вас вижана», «Мадугьаласул рохел-дир рохел», «ГIашура кIодол гвай» ва цогидалги театралиял сценкаби.

Ралагьаразул ракIазе гьел церерахъиназ кIочонарел асарал гьаруралъи бихьулеб букIана гьезул ризабгун халатбахъараб хьатчIваялъулъ ва гьурмазда бихьулеб разилъиялъул кунчIиялъулъ.

РакIалде ккола фестивалалъ гьабураб асар гьенир гIахьаллъарал киназулго ракIазулъ халатаб заманалъ хутIилилан.

*Сайгибат Гереханова, РУОялъул начальнакасул заместитель*

# Пачалихъиял интернет-гьиназул хIаракаталъул хIасилал гьаруна



Регионалъе нухмалъиялъул Централъ ва республикаялъул тарихазул министерствоялъ лъагIалил хIасил гьабиялъул данделъи тIобитIана. Гьениб бицен гьабуна федералияб законалда рекъон пачалихъиял хъулухъазул хIалтIи бихьизабулел интернет гьурмал ва гьинал хIалтIизариялъул.

*- Пачалихъиял хъулухъазул гIуцIабазда тIадаб буго социалиял гьиназдасан гIадамалгун гьабулеб хIалтIул даража борхизабизе. Бицен гьабулеб федералияб законалъ ва пачалихъияб программаялъ кьочIое босун буго социалиял гьиназдалъун гьел хъулухъазул хIаракат захIматчIагIазе рагьараблъун гьаби»,* -ян бицана гьениб республикаялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Ризван ГъазимухIамадовас.

Жинда тIад къараб иш ракIбацIцIадго ва жавабчилъиялда тIубазабиялъухъ, гьединго цогояб баянкьеялъулаб пространствоялъул хIаракат цебетIеялъулъ лъураб бутIаялъухъ Республикаялъул Управлениялъул Централъул шапакъаталъе мустахIикълъана нилъер районалъул муниципалияб Централъул управлениялъе нухмалъулей Марьям- Асият ХIамзатова, госпабликалгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ администрациялъул специалист Лиана Алясаева ва Ленинаул росдал администрациялъул сайт бачунев Зиявдин Шашуев.

*Динара Батиева*

# Баркалаялъе мустахIикъав депутат

Районцоязда лъалеб батила, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вищаралдаса, Мухтарпаша Пумахановас гIуцIабазе, мухъилал гIадамазе кумек гьабиялъул хIакъикъат. Гьес кумекалъулаб кверчIвай гьабичIеб рахъал нилъер районалда батиялда щаклъиги буго.

Гьес гьабураб кумекалъул хIакъалъулъ бицунебги хъвалебги букIана, гьеб такрар гьабизе дун лъугьинаро, цого дица абила, кумек гьарун жиндихъе вачIарав гьес нахъ чIванилан бицунеб дида ратIинчIин.

Нижер росдал тохтурзабазул амбулаториялъе цебего капиталияб ремонт хIажат букIана, амма гьелъие гIарац нижее биччалеб букIинчIо. Нижер къотIи ккана Мухтарпашаде бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ бицине. Гьев нижехъ гIенеккана, ва, заман гьоркьоб иналде, капиталияб ремонт гьабиялъе гьес кинабго чIезабуна. Гьелде тIадеги, Мухтарпашаца амбулаториялъе хIажатаб къайи-цIа босана. Къокъгьабун абуни, гьениб жанире лъугьине ракIбачIунеб ахIвал-хIал лъугьана.

Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьоб ккун, амбулаториялъул коллективалъул рахъалдасан, Мухтарпашае ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.Гьаризе гьесие щулияб сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ даимаб битIккей.

*МухIамад Багьавдинов, Буртунай росдал амбулаториялъе нухмалъулев*

# Нухазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул комиссиялда...

Дагьал церегIан къояз районалъул администрациялда нухазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи тIобитIана.

Районалъул администрациялъул бетIерасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловасул нухмалъиялда, тIобитIараб гьеб данделъиялъул хал гьабиялде росун рукIана хасало районалъул нухазда бугеб ахIвал-хIалалда, пассажирал раччиялда ва транспортгун хьвадиялъул къагIидаби цIуниялда, 2023 соналъ нилъер нухазда ккарал автоавариязда хурхарал суалал.




Хал гьабиялде росарал суалазул аслиялда тIасан кIалъай гьабуна нухазул «ДЭП-15» участокалъул начальник АхIмад ГIумаровас. ТIасан кIалъаял гьаруна «Чапар» газеталъул редактор Икрамудин Салимхановас ва ГИБДДялъул хIалтIухъан ЖабрагIил МухIамадовас.

Районалъул гIадамазда, хасго транспортгун хьвадулезда, лъалеб батила Хасавюрт-Кьохъ шагьранухалъул Ленинаулалдаса Дилималде щвезегIан бугеб бутIаялда букIараб ахIвал-хIал. Комиссиялда гьарурал бадичIваязги батила, хадусеб къоялъго гьеб нухда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабураб.

Гьенир гьарурал кIалъаязухъги гIенеккун, комиссиялъ автотранспорт хIалтIизабиялда, пассажирал раччиялда хадуб халкквей гучIъизаби лъикIаблъун рикIкIана. ХIалтIул хIасилал лъикIлъизари мурадалда, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, диниял церехъаби гьезулъе цIани, лъикIаб букIинниги рехсана.

ГИБДДялъул отделалъе лъикIаблъун бихьизабуна *«Лъелго унев», «Вигьарав шофёр», «Рачел»* профилактикаялъул хIалтIаби хадурккунги ризго тIоритIизе.

*ИсмагIил Бадрудинов, комиссиялъул секретарь*

# Памятка о необходимости регистрации прав на индивидуальный жилой дом

Отдел по управлению муниципальным имуществом и земельных отношений администрации МР «Казбековский район» информирует население о необходимости регистрации прав на индивидуальный жилой дом.

В соответствии со статьями 400, 401 Налогового кодекса Российской Федерации налогоплательщиками по налогу на имущество являются физические лица, обладающие правом собственности на имущество, признаваемое объектом налогообложения, в том числе: жилые дома, жилые помещения (квартиры, комнаты), гаражи, объекты незавершенного строительства, иные здания, строения, сооружения, помещения. Налогоплательщики-граждане уплачивают налог на основании налоговых уве-



домлений, направляемых в их адрес налоговой службой.

Если права на объект недвижимости не зарегистрированы, налоговая служба не получает актуальных сведений об объекте недвижимости и не имеет возможности направить Вам налоговое уведомление.

В случае неполучения налоговых уведомлений, на основании статьи 23 Налогового кодекса Российской Федерации, налогоплательщики обязаны сообщать о наличии у них объектов недвижимого имущества в налоговый орган по месту жительства либо по месту нахождения объектов недвижимого имущества самостоятельно.

Неправомерное непредставление гражданином налоговому органу указанного сообщения влечет взыскание штрафа в размере 20 процентов от неуплаченной суммы налога (пункт 3 статьи 129.1 Налогового кодекса Российской Федерации). Одновременно информируем, что в соответствии с пунктами 15,16 статьи 396 Налогового кодекса Российской Федерации в отношении земельных участков для жилищного строительства, находящихся в собственности физических лиц, исчисление суммы земельного налога по истечении периода установленного законом производится налоговым органом с учетом повышающего коэффициента вплоть до государственной регистрации прав на построенный объект недвижимости.

Таким образом, если строительство или регистрация прав собственности «затянулось», правообладателю начисляется земельный налог в повышенном размере. Следует отметить, что в настоящее время действует упрощенный порядок регистрации права на индивидуальный жилой дом, кадастровый учет и регистрация прав на объект проводятся на основании только технического плана и правоустанавливающего документа на земельный участок.

Для регистрации прав на индивидуальный жилой дом Вам необходимо обратиться в филиал МФЦ или в администрацию по месту Вашего жительства или по месту нахождения объекта.

***Отдел по управлению муниципальным имуществом и земельных отношений администрации района***

# Профилактика насилия в школах!

В настоящее время особую озабоченность вызывает потенциальные угрозы, связанные с нападениями подростков на учителей и учащихся, а также попытками их совершения.

Травля детей сверстниками (буллинг) одна из наиболее распространенных проблем в школах, которая существенно увеличивает риск суицида среди подростков, приводит к эскалации агрессии и насилия, снижению успеваемости, эмоциональным и невротическим проблемам.

Так, 7 декабря 2023 года в ученица 8 класса МБОУ Брянской гимназии № 5 г. Брянск пронесла в школу в тубусе помповое ружье «Бекас-3» 16 калибра, достала его и начала стрелять по одноклассникам. Она успела ранить шесть человек (для одной девочки ранения стали летальными), а потом выстрелила в себя. Помповое ружье несовершеннолетняя взяла у своего 53-летнего отца, которым не обеспечены надлежащие условия хранения оружия и боеприпасов.

По предварительным данным, несмотря на то, что в гимназии уже четыре года обсуждались вопросы необходимости установки современной пропускной системы, там так и не появились ни камеры, ни турникеты, не полноценная охрана. Вместо этого, роль охранников выполняли работники технического персонала, а рамка металлодетектора, которая была установлена в гимназии, не сработала в тот момент, когда несовершеннолетняя прошла сквозь нее с охотничьим ружьем и ножом. Также установлено, что последние два дня несовершеннолетняя вела себя замкнуто, не разговаривала и не отвечала на вопросы родителей.

Ранее, 11 мая 2021 года в г. Казани Республики Татарстан Гелялиев ИР. проник в административное здание гимназии № 175 г. и совершил вооруженное нападение с применением оружия на учащихся и преподавательский состав школы. В результате нападения погибло 7 учеников и 2 учителя, в медицинские учреждения с ранения различной степени тяжести доставлено 21 человек.

В ходе изучения личности Гелялиева И.Р. установлено, что он ранее к уголовной и административной ответственности не привлекался, по месту жительства характеризовался положительно, являлся студентом 4 курса Технического колледжа при Татарском институте содействия в бизнеса г. Казани, откуда 26 апреля 2021 г. в связи со слабой успеваемостью был отчислен.

На основании изложенного, с целью предотвращения насилия в местах обучения несовершеннолетних, необходимо обеспечить весь комплекс профилактических, разъяснительных и пояснительных мероприятий, направленных на предупреждение, пресечение и недопущение противоправных действий в отношении несовершеннолетних детей.

***Ю.Ю. Хайрулаев, начальник ОМВД России по Казбековскому району***

# Принципы этики и деонтологии медицинских работников

Что касается этики, из которой вытекают все принципы медицинской деонтологии, она относится к философской науке, изучающей принципы нравственности и морали, принятые в человеческом обществе. Этика изучает такие понятия как честь, достоинство, добро, счастье. В работе врача эти качества незаменимы, поэтому требования к поведению медиков и были сформулированы мудрыми людьми ещё в древние времена.

Таким образом, вступая во взаимоотношение с больными, врач постоянно балансирует на тонкой грани, и именно это умение делает его специалистом высочайшего уровня: когда, работая исключительно по велению сердца, он применяет научные методы, позволяющие эффективно бороться с различными заболеваниями.

Ведущие принципы этики и деонтологии можно обозначить следующим образом:

Врач всегда готов оказать каждому больному профессиональную помощь.

Врач соблюдает главный принцип клятвы Гиппократа, коротко сформулированный в двух словах: «Не навреди». Это означает постоянную работу медика над собой. Независимо от ситуации врачу следует всегда быть осторожным в словах и медицинских формулировках, особенно если речь идёт об опасных болезнях и тяжёлых состояниях. Важно помнить о том, что любое неосторожное слово или непонятный термин, произнесённые в присутствии больного человека, могут пагубным образом отразиться как на его физическом, так и душевном состоянии и усугубить течение болезни. Тактичность и осторожность - главные принципы, которым медицинский работник обязан следовать неукоснительно.

Поступки врача должны соответствовать главным задачам и целям медицинской науки. Медработник не имеет морального права принимать участие в действиях, которые направлены на причинение вреда здоровью людей.

Врач обязан бороться за жизнь больного до последнего. Также ему следует заботиться о пропаганде здорового образа жизни среди своих больных, чтобы они учились стремиться к совершенству тела и духа. Здесь деонтология тесно переплетается с древнейшими философскими принципами, не теряющими своей актуальности и по сей день.

Любой медработник учитывает в своей деятельности принципы самопожертвования и героизма во имя жизни. Это одно из основных правил его поведения, особенно когда речь идёт о критических ситуациях.

Обязанность врача-оказывать квалифицированную помощь всем людям. У медработника не должно быть расовых и политических предрассудков. Профессиональный врач никогда не станет руководствоваться в своей практике религиозными убеждениями, которые могут нанести вред здоровью его пациентов.

Все врачи должны работать, следуя принципу коллегиальности. Это означает, что они всегда готовы проявить солидарность друг с другом и помогать коллегам.

Каждый врач обязан соблюдать принципы медицинской (врачебной) тайны.

Принципы медицинской деонтологии тесно связаны с понятием слова как физиологического и лечебного фактора. Известно, что если человек болен, он гораздо острее воспринимает все факторы окружающей среды. Больные люди обладают высокой степенью внушаемости, поэтому один небрежный жест либо брошенное второпях слово медработника может привести к негативным последствиям.

Например, услышав непонятное латинское слово, с помощью которого два врача общаются между собой, пациент может искажённо и неправильно понять суть своего заболевания и подумать о том, что его жизни угрожает реальная опасность. Если же больной слышит в свой адрес понятные, простые и ободряющие слова, это вселяет веру в выздоровление и в природные силы организма.

***М.Р Исмаилов, главный специалист по защите прав застрахованных Хасавюртовского филиала ТФОМС РД***

# Отравление угарным газом

С начала текущего года в республике зафиксировано свыше 50 фактов отравления угарным газом. Основными причинами отравления угарным газом является неисправность обогревательных приборов и повреждение, отсутствие или неправильная установка дымоходов.



**Один из случаев имело место 24 декабря 2023 года в г. Каспийске, где угарным газом отравились 5 человек (все члены семьи), в том числе 4-ро детей. Причиной отравления стало отсутствие дымохода водонагревательной колонки.**

Уважаемые жители Казбековского района, напоминаем о необходимости приведения норм и требований пожарной безопасности в домашних условиях в соответствие с требованиями, дабы избежать несчастных случаев и предотвратить возможную трагедию. Соблюдение элементарных правил позволит вам избежать трагедий.

**Основные правила противопожарной безопасности для населения:**

1. Используйте только сертифицированные приборы;
2. Не оставляйте источники огня и электроприборы без наблюдения;
3. Не ставьте отопительные приборы рядом с кроватями и легко воспламеняющимися предметами (не ближе 1 м).
4. Проверьте исправность отопительных приборов и печей.
5. Не пользуйтесь неисправными печами и каминами.
6. Следите за исправностью вытяжных вентиляций.
7. Не пользуйтесь котлами для отопления и колонками при отсутствии тяги.
8. Не производите самостоятельно газификацию домов и квартир, ремонт (или замену) газового и электрического оборудования.
9. Не выключайте автоматику регулировки и безопасности, не заклеивайте вентиляционные каналы.
10. При обнаружении утечки газа перекройте подачу и оставьте квартиру, вызвав газовую службу.
11. При обнаружении возгорания попытайтесь потушить пожар самостоятельно (если огонь не распространился и занимает малую территорию), воспользовавшись наиболее подходящими и доступными средствами (огнетушителем, водой, песком). если в течение короткого времени огонь загасить не удастся, звоните в пожарную охрану и оставляйте дом (квартиру).

Не игнорируйте правила пожарной безопасности, - они написаны самой жизнью и смертями. Большинство людей погибают при пожарах не от ожогов, а от отравления продуктами горения и дымом.

# Активность дагестанских школ в электронном журнале и дневнике выросла в 3 раза

По данным цифровой образовательной платформы «Дневник.ру», за 2023 год (по состоянию на декабрь) в Республике Дагестан в электронный журнал внесено 9 млн оценок и 1,9 млн домашних заданий, что в 3 раза больше аналогичных показателей прошлого года (3 млн и 605 тыс. соответственно). Кроме того, в сфере образования в электронном виде оказано 4,5 млн госуслуг-в 2,5 раза больше, чем за этот же период 2022 года (1,8 млн).

Такому росту активности во многом способствовало соглашение о государственночастном партнерстве, подписанное в конце 2022 года между Министерством образования и науки Дагестана и компанией «Дневник.ру». Документ призван с помощью создания в регионе цифровой образовательной платформы перевести значительный объем оказываемых государственных услуг в сфере образования в электронный вид.

Так, по итогам 2023 года Республика Дагестан заняла 14 место среди всех регионов страны по активности на платформе.

*«В 2023 году мы провели для педагогов региона 10 обучающих мероприятий, в которых приняли участие 5,5 тыс. кураторов муниципальных органов управления образованием и администраторов школ. Таким образом мы планомерно работаем над повышением уровня цифровой грамотности кадров в сфере образования. Хочется особо отметить Дербентский, Каспийский, Хасавюртовский и Казбековский районы, которые в этом году проявили особую активность на платформе "Дневник.ру". Отдельно хочу выделить Кайтагский район, где почти все школы уже полностью отказались от бумажного журнала и пользуются только электронным. Уверен, что в следующем году и другие районы республики покажут такие же высокие результаты»*, - рассказал заместитель директора по развитию «Дневник.ру» Владислав Моисеев.

Отметим, что сегодня на платформе «Дневник.ру» в Республике Дагестан работает больше 400 тыс. учеников, 190 тыс. родителей и 45 тыс. учителей.

Справочная информация

**Дневник.ру** - цифровая образовательная платформа для образовательных организаций. Система предоставляет пользователям круглосуточный доступ к оценкам, расписанию и домашним заданиям. С ее помощью легко планировать учебную деятельность и обмениваться школьными новостями, общаться в чатах по учебе, проводить дистанционные уроки, закреплять полученные знания с помощью онлайн-тренажеров, использовать другие удобные в обучении сервисы и приложения.

# Правила безопасности при выезде на лед на автомобиле

В связи с нестабильностью температурного режима в районе и связанного с этим ухудшения прочности ледового покрова, отдел ГО и ЧС администрации МР «Казбековский район» рекомендует любителям зимней рыбалки и катани воздержаться от выхода в этот период на лед, родителям ни в коем случае не отпускать детей к реке или водоему.

Напоминаем правила безопасности при выезде на лед на автомобиле:

Лед толщиной в 15 см в состоянии выдерживать автомобиль весом до 2 тонн.

На потрескавшийся лед не стоит выезжать даже когда он очень толстый.

Лучше на лед вообще не выезжать.

Таблица. Удерживаемый вес автомобиля в зависимости от толщины льда.

| Общий вес автомобиля | 2 тонны | 3 тонны | 5 тонн | 7 тонн | 10 тонн | 20 тонн |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Толщина льда в см | 15-16 | 20 | 30 | 35 | 40 | 60 |

**ПОМНИТЕ !!!**

**Несоблюдение мер предосторожности на льду опасно для жизни!**

В случае возникновения чрезвычайных ситуаций на воде, обращайтесь по телефонам:

- 01
- 112

**8(918) 846-76-75 - ЕДДС Казбековского района.**

# Военный комиссариат информирует...

**1. Проводится отбор кандидатов для поступления на военную службу по контракту.**

**Требование:**

- возраст от 18 до 60 лет, а также граждане, ранее проходившие службу по контракту, годные к военной службе и физически развитые, не судимые. Рассмотрим граждан, ранее уволенных по несоблюдению условии контракта.

Денежное довольствие повышенное. Возможность заключить контракт, на выбор гражданина год и выше. Полный социальный пакет.

Информационный материал о социальных льготах, гарантиях и денежном довольствии

По вопросу отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского муниципальных районов тел. **(8-279)-2-13-02.**

## ДОПОЛНИТЕЛЬНЫЕ СОЦИАЛЬНЫЕ ЛЬГОТЫ И ГАРАНТИИ УЧАСТНИКАМ СПЕЦИАЛЬНОЙ ВОЕННОЙ ОПЕРАЦИИ

Статус ветерана боевых действий и соответствующие льготы:

- льготное обеспечение жильем;
- первоочередное право на приобретение садовых земельных участков;
- компенсация расходов на оплату жилых помещений (в размере 50%);
- внеконкурсное поступление в высшие учебные заведения;
- преимущественное пользование всеми видами услуг учреждений связи, культурно-просветительских и спортивно- оздоровительных учреждений;
- кредитные и налоговые каникулы;
- целевой жилищный займ для приобретения жилья с даты включения в реестр участников накопительно-ипотечной системы;
- бюджетные места для обучения детей в вузах;
- бесплатный отдых детей в летних оздоровительных лагерях;
- социальная программа реабилитации и адаптации (трудоустройство и предоставление жилья);
- выплаты членам семьи пенсий по потере кормильца, в размере 50 % от денежного довольствия военнослужащего;
- погашение кредитов, оформленных погибшими военнослужащими и их супругами.

## ДОПОЛНИТЕЛЬНЫЕ ДЕНЕЖНЫЕ ВЫПЛАТЫ УЧАСТНИКАМ СПЕЦИАЛЬНОЙ ВОЕННОЙ ОПЕРАЦИИ

от 773 до 1390 руб. в сутки (2 оклада по воинской должности);

- 4 240 руб. суточные выплаты;
- 8 000 руб. за каждые сутки активных наступательных действий;
- 50 000 руб. за каждый километр продвижения в составе штурмовых отрядов;
- 1 000 000 руб. захват танка Leopard, Abrams, Challenger, пусковой установки HIMARS;
- 500 000 руб. уничтожение танка Leopard, Abrams, Challenger;
- 300 000 руб. уничтожение пусковой установки HIMERS, «Точка - У»;
- 200 000 руб. уничтожение вертолета;
- 100 000 руб. уничтожение танка;
- 50 000 руб. уничтожение ББМ (БМП, БМД ,БТР, МТЛБ);
- 50 000 руб. уничтожение САУ, ЗРУ (С-300, "Бук", "Тор", "Оса"), БМ РСЗО;
- 50 000 руб. уничтожение БпЛА (средней дальности), ракеты «Точка -У», снарядов РСЗО «Ольха», «Смерч», «Ураган», HIMARS;
- 3 000 000 руб. единовременная выплата при ранении (Указ N° 98);
- 3 131 729 руб. единовременное пособие при увольнении в связи с признанием негодным к военной службе вследствие военной травмы (Закон № 3О6-ФЗ);
- 78 293 руб. единовременная страховая выплата при легком увечье (ранении, травме, контузии) (Закон № 52-ФЗ);
- 313 172 руб. единовременная страховая выплата при тяжелом увечье (ранении, травме, контузии) (Закон № 52-ФЗ);
- 5 000 000 руб. единовременная выплата членам семьи в случае гибели военнослужащего (Указ №98);
- 3 131 729 руб. единовременная страховая выплата членам семьи в случае гибели военнослужащего (Закон N2 52-ФЗ);
- 4 697 564 руб. единовременная страховая выплата членам семьи в случае гибели военнослужащего (Закон № 3О6-ФЗ).

# ЖамгIияб палатаялъул хIисабкьеялда...

Араб соналъул 29 декабралда, цогидал гIуцIабазго гIадин, районалъул ЖамгIияб палатаялъги лъагIалил хIисабкьеялъул данделъи тIобитIана. Районалъул администрациялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председателасул заместитель Н. Н.Меджидов, харабазул, рагъулгун захIматалъул ветераназул советазул председателал С.Э. НургIалиев ва Х.П. МухIамадхIабибов, «Чапар» газеталъул редактор И.Б. Салимханов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI. А. Адимирзаевас гьениб бицана районалъул, росабазул администрациябазул бутIрулгун, мажгитазул имамалгун, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулелгун, цадахъ рекъон, гIадамазул гIумру лъикIлъизабиялъе гьабураб хIалтIул.

Гьес абуна: *«ХIисабкьеялъул заманалда ЖамгIияб палатаялъ жиндирго данделъабазда хал гьабуна 29 суалалъул. Гьел хурхарал рукIана ракьалда, гьелъунгун гьоркьорлъабазда, «Ковид» ва цогидал рахунел унтабазде данде вакцинация гьабиялда, гьоркьобкьотIи гьечIого, лъим, ток, газ гIадамазе чIезариялда, гьезул социалияб рахъал лъикIлъизабиялда ва цогидалги жамгIияталда цере «бегIерго» чIарал суалазда. Палатаялъ хал гьабиялде росарал киналниги суалал рексон лъугIунаро.*

*Гьелъул данделъабазда гIахьал гьарулаан хал гьабизе росарал суалал жидеде кколел гIуцIабазе нухмалъулелгун жавабиял хIалтIухъаби.*

*ЖамгIияб палатаялъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезул рахъ кквеялъулъ, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе кумек гьабиялъулъ, бахIарзазул цIарал къватIазе кьеялъулъ ва цогидалги кIвар цIикIкIарал тадбиразулъ.*

*Гьединго, тIуразариялъулъ захIмалъи дандчIварал суалазда хурхун, нижеца кагътал хъвана республикаялъул идарабаздеги.*

*Къокъгьабун абуни, жамагIатазда гьоркьор тIоритIарал тадбиразухъги СВОялда гIахьаллъулезе гьабураб гурхIел-рахIмуялъулаб кумекалъухъги ЖамгIияб палата районалъул администрациялъул Баркалаялъул кагъаталдалъун кIодо гьабуна. Палатаялъул хIалтIи нухда иналъе кIудияб кумек гьабуна гьелъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас, депутатазул Собраниялъул председатель Гь.М. Гьирисхановас, ХIажимурадил заместителаз ва палатаялъул членаз. Гьезие ракI-ракIалъулаб баркалаги буго»*,-ян.

ХIажица бицаралда хурхун, тIасан гьарурал кIалъаязда Ильяс Шабазовас, Давурбег Давурбеговас, Хункарби МухIамадхIабибовас ва МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас гьениб бицана ЖамгIияб палатаялъул бугеб кIвараралъул, гьелъул гIахьаллъиялда районалда ккаралгун кколел хиса-басиязул, ХI. Адимирзаев бетIерлъуде вачIаралдаса гьелъул хIалтIи лъикIаб рахъалде кьучIдасанго хисиялъул.

Гьезул кIалъаязулъ «багIараб» мухълъун унеб букIана, ХIажил гIахьаллъи гьечIого, къанагIаталги данделъаби ва цогидал тадбирал рукIинчIеблъиялда хурхарал пикрабиги.

Киназдаго бихьун батила ЖамгIияб палатаялъ,харабазул,рагъулгун захIматалъул советаз цадахъаб хIалтIи гьабулеб букIин ва гьелъ лъикIал хIасилал кьолел рукIин.

ЖамгIияб палатаялъул членаз гьелъул хIалтIуе гьоркьохъеб къимат кьуна.

ХIисабкьеялъул данделъиялъул ахиралда цIияб ЖамгIияб палатаялъулъе рищаразул сияхI рексана ва гьезие цо чанго рекомендацияги кьуна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Баркула тIадегIанаб шапакъат



МугIалим, насихIатчи, жамагIатчи ва унго-унгояв магIарулав Сайрудин Къудуевич Пейзулаев лъаларел чагIи, хасго чIахIияб гIелалда гьоркьор, районалда ратиларо.

Гумрудул 53 сон кьуна гьес гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъе. Сайрудин кин хIалтIулев вукIаравали бихьизабиялъе нугIзаллъун ккола гьесие щварал *«КIудияв мугIалим»*, *«МугIалим-методист»*, *«Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав мугIалим»* цIарал, рикIкIен гIемерал ХIурматалъул грамотаби ва Баркалаялъул кагътал.

Лъалеб букIахъе, улкаялъул Президент В.В. Путинил Указалда рекъон, 2023 сон лъазабун букIана мугIалимасулгун насихIатчиясул сонлъун.

Араб соналъул декабралда гьарурал хIасилазда рекъон, Сайрудин кIодо гьавуна республикаялъул бищунго тIадегIанаб «Дагъистан Республикаялъе гьабураб хъулухъалъухъ» орденалдалъун.

ХIалхьиялда вугониги, Сайрудиница жигараб гIахьаллъи гьабула жамгIиял ишазулъ.

Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, Сайрудинида баркизе гьеб тIадегIанаб шапакъат щвей, гьаризе гьесие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей.

***Гьудул-гьалмагъзабазул къокъа***

# ЛъагIалил хIалтIул хIасилал гьаруна

27 декабралда культураялъул Централда тIобитIана районалъул Муса ГIазаевасул спортивияб школалъул хIалтIул хIасилал гьариялъул данделъи.

Гьеб данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов, депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан Гьирисханов, спорталъул ветеран Мусашайих ГIазаев, культураялъул управлениялъул начальник Абубакар Ибрагьимов, районалъул Собраниялъул депутат Рустам Гьаирбеков, спортшколалъул хIалтIухъаби ва спортсменал.

ЛъагIалида жаниб спортшколалъул хIалтIул бицун докладгун кIалъазе вахъана спортшколалъе нухмалъулев МухIамад ГIазаев.



Гьесул рагIабазда рекъон, жакъа къоялда спортивияб школалда буго 1500ялде бахараб къадар спортсменазул.

Гьелдаго хадуб, ГIазаевас бицана спорталъул батIи-батIиял къецазда щварал бергьелъабазул, спортсменазул регел церетIеял ва цогидал лъикIал рахъазул.

Хадубккун кIалъазе рахъарал Басир Нуцаловас ва Гьирисхан Гьирисхановас, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул рахъалдасан баркала загьир гьабуна киналниги тренерзабазе ва спортсменазе, гьезул ракIбацIцIадаб хIалтIухъ, спорталде бугеб рокьиялъухъ, росарал бергьенлъабазухъ.

Гьедин, спортшколалъул директорасул заместитель Насрула Алиукъаевас цIаралги ахIун церерахъинаруна киналниги республикаялда ва гьеб тун къватIибехун бергьенлъаби росарал спортсменал, 2023 соналда жанир бищунго лъикIаллъун рикIкIарал спортсменал ва тренерал.

Гьел киназего ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал, гIарцулал шапакъатал ва цогидал сайгъатал кьуна.

***Ибрагьим Идрисов***

# Ясазул мактабазда гьоркьор къецазда...



Нилъеда лъала районалъул мажгитазда цере васазулгун ясазул мактабал гIуцIун рукIин ва гIолеб гIелалъе рухIияб лъайгун тарбия кьеялъулъ гьез жидерго бутIа лъолеб букIин.

Узухъда, гIолилазе щвараб лъай борциналъе зама-заманалда мактабазда гьоркьор бат1и-бат1иял къецалги тIоритIула. Гьединал къецазул цояблъун букIана араб соналъул 31 декабралда ЦТКНРалда тIобитIараб къецги.

Анлъго мажгиталда цере гIуцIарал ясазул мактабазда гьоркьор тIоритIарал гьел къецазда букIараб ахIвал-хIалалъ бицунеб букIана щибаб командаялда гIахьаллъулезул жалго бергьине бугеб гьира-шавкъалъул х1акъалъулъ.

Ункъо бутIаялдасан (иман, ислам, ихIсан, гIолохъанав бусурбанчиясул гIаданлъиялъул къагIидаби, МухIаммад Аварагасул ﷺ гIумруялъул хIакъалъулъ къокъабго бицен, Аллагьасул сифатал) гIуцIарал гьел къецазда тIоцебесеб бакIалде рачIана Асал (ГIумарасхIаб) мажгиталда цебе гIуцIараб мактабалъул ясал, кIиабилеб бакIалде-Сайидмухlамад Абубакаровасул цIар кьураб мажгиталда цебе гIуцIараб мактабалдаса ясаз ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана МухIамад ГIумаровасул цIаралда бугеб мажгиталда цебе гIуцIараб мактабалъул ясал.

Районалъул имам МухIаммадрасул МухIамадгъазиевас кIудияб къимат кьуна мажгитазда цере гIуцIарал мактабаз гьабулеб хIалтIуе, гьединго, гьес ясазегун гьезул умумузе вагIзаги гьабуна.

Муфтияталъул нилъер районалда бугеб руччабазда гьоркьоб рухIияб лъайкьеялъул отделалъе нухмалъулей Аминат Аштаевалъ призаллъулал бакIал росарал командаби гьенир диниял тIахьаздалъунги гIарцулал шапакъатаздалъунги кIодо гьаруна.

***Марьям ЛатIипова,***
***Дилим росу***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Волейбол

5-6 январалда Дилим росулъ, Северияб зонаялда тӀоцебесеб бакӀалъе гӀоло, васазулгун ясазул волейбол хӀаялъул къецал тӀоритӀана.

Гьел къецазда нилъер, Бабаюрт, Гьизляр, Хасавюрт районаздасагун Хасавюрт шагьаралдаса 5 команда гӀахьаллъана.





2006-2007 соназ гьарурал гӀолилазда гьоркьор тӀоритӀарал гьел къецазда нилъер васазул командаялъ кӀиабилеб, ясазулалъ тӀоцебесеб бакӀал росана.

Призалъулал бакӀал росарал командаби гьенир, РДялъул спорталъул министерствоялъул рахъалдасан, ХӀурматалъул грамотабаздалъун кӀодо гьаруна.

# Бокс

Нилъер районалъул гӀолилазе бокс спорталъул «гӀолохъанаб» тайпалъун кколеб бугониги, гьелъул къецазда гьез гӀезегӀан лъикӀал хӀасилал рихьизарулел руго. Гьеб нилъер гӀолилаз батӀи-батӀиял къецазда тасдикъги гьабуна.



Дагьал церегӀан къояз Хасавюрталда тӀоритӀарал боксалъул зоналиял къецаздаги гьез квешал хӀасилал рихьизаричӀо. Гьедин, жиде-жидер цӀайиязда, тӀоцебесеб бакӀалде вачӀана МухӀаммад Султанмурадов, кӀиабилеб бакӀ босана Юсуп Юсуповас ва лъабабилеб бакӀалъе МухӀаммад Абубакаровги, СагӀид Баймурадовги, Арсен Сусурбиевги, МухӀамад Нуцалхановги мустахӀикълъана.

Гьезул тренерлъун Салисби Набиев ккола.

***Насрула Алиукъаев***

# ГӀужде кьвагьдеялъул къецал

Гьал къояз лицеялда, Дилим росдал гӀадамазда гьоркьор, гӀужде кьвагьдеялъул къецал тӀоритӀана.

Росдал администрациялъул ва гӀолилазул гӀуцӀиялъул хӀаракаталдалъун тӀоритӀарал гьел къецазда, жюриялъул бихьизабиялда рекъон, гӀахьаллъизе бегьулаан жидерго ярагъгуни, амма гьединаз гьениб хӀинкъигьечӀолъи букӀинабиялъул ва ярагъ хӀалтӀизабиялъул киналниги къагӀидаби цӀунизе ккола.

ХӀалуцарал къецаздаса хадуб, тӀоцебесеб бакӀалде гьенив МухӀамад ХӀадаев вачӀана, кӀиабилеб бакӀ Зикрула Булатхановас босана ва лъабабилеб бакӀалъе ХӀамзат ХӀадаев мустахӀикълъана.

Призалъулал бакӀал росаразе гьенир кубокал, медалал ва гӀарцулал шапакъатал кьуна.

***Исрап Булатханов, лицеялъул мугӀалим***

# ГӀалиасхӀаб ГӀумарасхӀабович Гъазиев



6 январалда гӀумруялдаса ватӀалъана ГӀалисахӀаб ГӀумарасхӀабович Гъазиев.

ГӀалиасхӀаб гьавуна 1948 соналъ Сталинаул (Ленинаул) росулъ. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугӀизабун, гьев ДГУялъул филологическияб факультеталде лъугьана. Гьелъул лъабабилеб курс лъугӀун хадусан, заочно цӀализе ихтиярги босун, ГӀалиасхӀаб гӀагараб росулъе тӀадвуссана ва байбихьул классазул мугӀалимлъун хӀалтӀизе лъугьана. Хадусан гьев ЧӀикӀаб ГЭС балеб бакӀалде хӀалтӀизе ана ва гьениб гьес «Сулахъалъул кунчӀиял» газеталъул мухбирлъи тӀаса бищана. Гьелдаса байбихьун, ГӀалиасхӀабица жиндирго гӀумру хъвадариялда бухьинабуна.

1970 соналъ ГӀалиасхӀаб «БагӀараб байрахъ» (гьанжесеб «ХӀакъикъат») газеталъул мухбирлъун хӀалтӀизе вачана. Хадусан гьев гьелъул жавабияв секретарьлъун тӀамуна. Гьенив ГӀ. Гъазиев машгьурав журналистлъунги вахъана.

Район тун къватӀивехун хӀалтӀизе кканиги, гьес гьебгун бухьен гьоркьоб къотӀизе течӀо. ГӀалиасхӀабица зама-заманалда районалъул, гьелъул гӀадамазул гӀумруялда хурхарал макъалаби республикаялъул магӀарул газеталдаги рахъулаан.

ГӀалиасхӀабица Ростовалда букӀараб КПССалъул тӀадегӀанаб школаги лъугӀизабуна.1992 соналъ гьев Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъе нухмалъи гьабизе тӀамуна.

Кинаб хӀалтӀи тӀад къаниги ва тӀаде босаниги, ГӀалиасхӀабица гьеб бажаризабун, махщалида, заманалда ва ракӀбацӀцӀад тӀубазабулаан. ЧӀахӀиялгуни гӀисиналгуни рагӀи рекъезабун бажарулев, махсаро-хочӀ гьабулев , гьеб бокьулев ва бичӀчӀунев, гьудул-гьалмагъзаби хирияв, хъвадариялъе махщел цӀикӀкӀарав, ракӀгӀатӀидав ГӀалиасхӀаб даималъ хутӀила нижер ва гьев лъалев вукӀаразул ракӀазулъ.

***ХӀ. ХӀ. Мусаев, Гъ. М. Гьирисханов, И. И. Шабазов, Б. С. Нуцалов, З. Н. Эмеев, М.-А. М. ХӀамзатова, Гъ. Гъ. Эсенбиев***

Районалъул администрациялъул, «Чапар»газеталъул редакциялъул, РУОялъул хӀалтӀухъабаз, лъайкьеялъул хӀалтӀухъабазул профкомалъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва гӀага-божаразда

**ГӀалиасхӀаб Гъазиев**

гӀумруялдаса ватӀалъиялда бан.

Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

# Шашкабигун теннис хӀаялъул турниразда

Дагьал церегӀан къояз районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаевас тӀобитӀараб рагьараб эфиралда гьесие кьурал суалазул цояблъун букӀана, цогидал спортивиял къецаздаго цадахъ, районалда шашкаби хӀаялъул къецал щай тӀоритӀулел гьечӀелан.

Гьоркьор къоял иналде, ХӀажимурадил т1адкъаялда рекъон, шашкаби хӀалезул мурад тӀубана ва росабалъ гьел хӀаялъул турнирал тӀоритӀана.

Гьедин, дагьал церегӀан къояз Дилим росулъ тӀоритӀана районалъулго шашкаби хӀалел гӀахьаллъараб турнир. 30 чи гӀахьаллъарал гьел къецазда тӀоцебесеб бакӀалде вачӀана Таслим Эсенаев (Дилим), кӀиабилебгун лъхабабилеб бакӀазе мустахӀикълъана Мурад Дагуев ва МухӀамадбатир Бибасханов (Ленинаул).

Гьел хӀаяз район тун къватӀирехун тӀоритӀулел хӀаязда гӀахьаллъизе мустахӀикъал тӀатинаризе рес кьуна.

Призалъулал бакӀал росарал гьенир, районалъул бетӀерасул рахъалдасан, кубоказдалъунги, медалаздалъунги, грамотабаздалъунги, гӀарцулал шапакъатаздалъунги кӀодо гьаруна.

Гьединабго турнир тӀобитӀана Гертма росулъги. Росдал гӀолилазул парламенталъул хӀаракаталдалъун тӀобитӀараб гьеб турниралда тӀоцебесеб бакӀалде вачӀана Сайрудин Маджидов.

Гьединго, гьелго росабалъ теннис хӀаялъул къецалги тӀоритӀана. Дилим росдал администрациялъул, гӀолилазул гӀуцӀиялъул хӀаракаталдалъун тӀоритӀарал гьел къецазда тӀоцебесеб бакӀ Ражаб ЛатӀиповас босана, кӀиабилебгун лъабабилеб бакӀазе ХӀажи СагӀидовги Нажбудин Нажбудиновги мустахӀикълъана.

Призалъулал бакӀазе мустахӀикълъарал гьенир кубоказдалъунги, медалаздалъунги, грамотабаздалъунги, гӀарцулал шапакъатаздалъунги кӀодо гьаруна.

Росдал гӀолилазул парламенталъул хӀаракаталдалъун. Гертмаялда тӀоритӀарал теннис хӀаялъул къецазда тӀоцевесевлъун ГӀабдула Минбулатов вахъана, кӀиабилебгун лъабабилеб бакӀазде Имам Алхасовги ХӀасбула Чаландаровги рачӀана.

Призалъулал бакӀал росарал гьенир кубоказдалъунги, медалаздалъунги, грамотабаздалъунги кӀодо гьаруна.

***Ибрагьим Булатханов***

**БетӀерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГӀабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхӀажиев
**Набор:** М.М. ХӀайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхӀажиева ва З.ХӀ. ХӀасанова
**Фотокорреспондент:** ГӀ.ГӀ. ХӀамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахӀачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хӀадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХӀакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**